

Kesyon moun souvan poze

Eske vaksen yo san danje?

Wi. Vaksen yo teste plizyè fwa anvan yo apwouve pou popilasyon an itilize yo. Vaksen yo san danje epi efè segondè yo jeneralman pa twò grav epi tanporè (egzanp bra fè mal, yon ti lafyèv). Efè segondè ki pi grav yo posib, men yo trè ra. Si ou gen dout, pale ak moun k ap ba ou swen sante yo oswa ale nan sant sante ki pi pre a.

Èske lè yo bay yon timoun plizyè vaksen ansanm sa kapab twòp pou sitèm iminitè li?

Non. Bay yon timoun plizyè vaksen an menm tan, pap deranje li. O kontrè, sa ka pwoteje li kont plizyè maladi an menm tan.

Èske fanm ansent ka pran vaksen?

Wi. Yo ka pran vaksen kont maladi tankou grip, tetanòs, koklich, epatit B ak kowonaviris pou pwoteje tèt yo ak tibebe yo. Genyen kèk vaksen yo pa ta dwe pran pandan gwosès la, men yo ka pran yo anvan oswa aprè gwosès la. Konsilte moun k ap ba w swen sante yo si ou gen nenpòt lòt kesyon.

Èske mwen bezwen pran vaksen si mwen se yon ajan sante?

Poutèt travay yo, pwofesyonèl swen sante yo pi ekspozè ak viris epi bakteri pase lòt moun.

Tout pwofesyonèl swen sante yo ta dwe resevwa dòz vaksen anplis yo pou pwoteje tèt yo, diminye risk pou yo malad epi pwoteje pasyan yo.

Sa ou dwe konnen sou vaksen yo


- **Vaksen yo ede nou pwoteje kò nou kont maladi grav.**
- **Chak vaksen gen pwòp karakteristik li:**
 - Ou ka bezwen yon sèl oswa plizyè dòz a yon laj diferan pou w pwoteje tèt ou nèt.
 - Genyen kèk vaksen ki ka pwoteje ou kont plizyè maladi an menm tan (pa egzanp, lawoujòl, malmouton ak maladi ribeyòl; oswa difteri, tetanòs ak koklich).
 - Gen kèk vaksen se piki yo bay pou yo ak lòt yo bay yo nan bouch.
- **Atravè fon renouvlab li yo, OPS ede peyi ou a jwenn vaksen ki san danje, ki efikas, ki abòdab, ak ki gen bon kalite, nan yon fason transparan.**



#CHAKVAKSENKONTE

KALANDRYE VAKSINASYON

Vaksen yo san danje epi yo sove lavi !



www.paho.org/fr/sois-a-jour (vèsyon franse)



SVA 2023

SEMÈN VAKSINASYON NAN AMERIK YO

#ChakVaksenKonte

Ayiti

Vaksin nan diferan etap nan lavi w anpeche maladi sa yo:



Fanm ansent yo

Difteri
Tetanòs
Kolera



Ti bebe

Tibèkiloz
Polyo



Premye lane lavi (<12 mois)

Difteri
Tetanòs
Koklich
Polyo
Maladi a ib
Epatit b
Woujòl
Ribeyòl
Rotaviris
Nemoni



Dezyèm lane lavi (12<24 mwa)

Difteri
Tetanòs
Koklich
Woujòl
Ribeyòl



Timoun



Adolesans

Kowona



Granmoun

Kowona



Ajan sante

Kowona



Ti granmoun yo

Kowona

METE W AJOU

KOKLICH

EPATIT B

ROTAVIRIS

HPV

LAFYÈV JÒN

MENENJIT

KOWONA

#CHAKVAKSENKONTE

Tablo ki anba a montre maladi vaksen yo kapab anpeche nan peyi ou pou chak laj ou genyen.

Si ou panse ou menm oubyen moun ou renmen yo pa ta resevwa tout vaksen yo, li posib pou w mete w ajou !